ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
11 февраль 2021 год №3 (475)




# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА
ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ГЛАВНОЕ

## СВЯЩЕННЫЙ МЕСЯЦ РАДЖАБ



Хвала Аллаху, определившему для верующих священные дни и месяцы, которые более благоприятны для покаяния и благих дел.

Раджаб – один из четырёх священных месяцев. Три из них следуют один за другим непрерывно – это Зуль-Каада, Зуль-Хиджа и Мухаррам, а четвёртый идёт отдельно – это Раджаб. На Раджаб приходится важная для мусульман дата – это 27-й день месяца. В этот день произошло великое событие – вознесение Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) на небеса. Верующие в этом месяце проявляют особое усердие в разных видах богослужения: постятся, раздают милостыню нуждающимся, совершают другие благие дела. Благоприятность богослужения в священные дни и месяцы заключается в том, что награда за благие дела в это время увеличивается многократно.

Желающий соблюсти пост Раджаба может поститься весь месяц, также может выбрать более подходящие для себя дни. Например, для того, кто в силу некоторых обстоятельств решил соблюсти пост половины месяца, подойдёт пост пророка Дауда (мир ему). Он постился через день на другой. В одном из своих хадисов Посланник Аллаха Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) похвалил пост Дауда (мир ему), сказав, что это лучшая форма желательного (суннат) поста.

Тот, кто желает поститься ещё меньше, может соблюсти выборочные дни. Для него лучше поститься в начале месяца, в середине и в конце. В середине месяца ему лучше поститься 13, 14 и 15 числа, так как в эти дни желательно соблюдать пост во всех месяцах исламского календаря, а в священном месяце более желательно. Желающий может соблюдать пост понедельника и четверга – это тоже является сунной во всех месяцах, кроме Рамадана. Пост Рамадана, как известно, является обязательным. Тот, кто желает соблюсти пост одной трети части Раджаба, может соблюсти пост первых, средних и последних трёх дней месяца или поститься через два дня на третий.

Цель поста – это пробуждение в сердце богобоязненности, это отказ ради Аллаха от плотских желаний, это совершение самого любимого Всевышним вида поклонения.

*С. Муртазаев*

## РАЖАБ БЕТТАН МАРХАНАШ

Далла хастам бу вочунна дохкодовла а, дика Iамалш совъяха а вайна еза хенаш яхкийтина волчу.

Ражаб Лекха волчу Дала базбинчу беттаннех цхьаъ бу.

Цул сов, хIокху баттахь ю Лекха волчу Дала Шен сийлахь элча Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) Шена герга вигина йолу МиIражан буьйса а – Ражаб беттан ткъе ворхIалгIа буьйса ю иза.

Муъма нахана Дела хьехорца а, марханаш кхабарца а, сагIа даларца а, кхийолу дика Iамалш ярца а алссам мел баккха аьтто болу хан ю хIара.

Лекха волчу Дала Къуръан чохь базбинарг биъ бутт бу.

Цхьаъ къаьстина бу – иза Ражаб бу. Кхоъ тIеттIа бу – уьш: Зуль-къаIдахI, Зуль-хьижжахI, Мухьаррам.

Шена чохь Къуръан доьссинчу Рамадан беттан бозаллин дийцарш шатайпа ду, хIокху беа беттан лерам а боккха бу.

Безачу беттан суннат марханаш кхаба лууччо ша реза волу кеп хоржур ю. Ах бутт кхобучунна, Давуд пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) шен оьмарехь ма-кхаббара, цхьана дийнахь кхобуш, цхьа де юкъадулуьйтуш кхобур ду. И дан шен ницкъ боцчо, цхьана дийнахь кхобуш, ши де юкъадулуьйтуш кхаба мегар ду. Юкъ-юкъара кхобучо беттан юьхь, юкъ, чаккхе ларийир ю. Беттан юкъ – иза бусалбанийн рузманан хьесапехь, беттан кхойтталгIий, дейтталгIий, пхийтталгIий денош ду. Шена лууччо ду. Оршотан а, еарин а, пIераскан а деношкахь марха кхабар беттан кхоалгIа дакъа кхабарна герга дерг ду. Ражаб бутт берриг кхабар цхьаболчу асхьабаша карахIат лерина, Рамазанах иза дIа ца тарбархьама.

Амма, Iадат лаьцна, кхаа беттан марханаш кхобуш верг (вайн махкахь даьржина а, вайн дайша лелийна а ду иза) – цунна карахIат дац Ражаб берриг кхабар. Мелхо а, мелехь ду иза, марха кхабар уггар сийлахь долчу Iибадатех Iибадат долу дела.

Бакъду, марханаш кхабаран коьрта Iалашо – уьш къепе далор яц, я къаьстина, я тIетт1а кхабар яц. Марханах лууш дерг – Делах кхерар, Iибадатна дог самадаккхар, хьарам долчух дегI лардар, Далла уггар дукхаезна йолу Iамал яр ду. Делан салам хиларг, цкъа а дохош ван а вуй те аьлча санна, марханаш кхобуш хилла, цкъа а кхобуш ван а вуй те аьлча санна, доцуш лелла, цкъа а буса Iибадат деш ван а вуй те аьлча санна, охьавуьжуш хилла, цкъа а охьавуьжуш ван а вуй те аьлча санна, буса Iибадат деш лаьттина. Элчанна (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) шен пайхамараллин нуьрца гуш, хаалуш хилла Iамална дика йолу хенаш.

Иштта, Iеламнаха карахIат лерина, марха ца кхобуш, тIеттIа (хаддаза) деаннал сов денош дIадахийтар а. Дерриге а шарахь шарIо мархакхабар ца магош хаддаза деанчу деа денна тIедоьгIна цара шайн дош. Шайна чохь мархак-



оршотан а, еарин а деношкахь марха кхобур ду, цунна а беза бутт ларар а, деза денош ларар а хир ду, Дала мукъ лахь. Беттан кхоалгIа дакъа кхаба лууччо хьалхара кхоъ, юккъера кхоъ, тIаьххьара кхоъ кхаба мегар ду, я, вай лакхахь ма-хьахадарра, цхьана дийнахь кхобуш, шиъ юкъадулуьйтуш кхобур хабар хьарам долу гIурбанан Iийд а, цул тIаьхьа догIу «аййамут-ташрикъ» олу гIурбан беттан кхо де а ду кхузахь дуьйцуш дерг. Марха кхабаза дукха хан яьлча, дог дакъало, стаг вочу Iадате воьрзу, дегIан лаамаша толам боккху. Дукха нахана хуьлуш дерг ду хIара, къаьсттина дукха хIума юуш болчарна.

ЭЛЧА – ДАХАРАН МАСАЛ

### ЭЛЧАНАН IАМАЛ

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) лаккхара масал хилла шен вахарехь. Шен дахаран хьаштана даггара Iамалъеш хилла цо. Шен дегIаца а, дагца а, сица а Далла тIевоьрзуш хилла иза, Iибадат дан ша дIахIоьттича, Лекхаволчу Делан дашо бохург деш: «Ахь лаха Дала хьайна деллачуьнца (хьолаца) эхартан цIа (Дела реза волчу хIуманаш тIехь харжъеш), дуьненан хьайн дакъа а диц ма де.Нахана дика а хила (сагIа даларца), Дела хьайна дика ма-хиллара». (Къуръан, 28 сурат, 77 аят)

Шен бусалба умматана дика хьехар дина Цо (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен дашехь: «Хьайн дуьненан Iамал е, хьуо даим вехар волуш санна, хьайн эхартан Iамал е, хьуо кхана лийр волуш санна», – аьлла.

Исламо кхайкхам бо, дуьненна а Iамал е, эхартана а Iамал е бохуш. ХIокху буха тIехь толам баьккхина бусалба наха, Исламан юьхь йолалуш, Iаламан баьччанаш хилла дIахIиттира уьш ойланашкахь а, Iамалшкахь а.

### ЭЛЧАННА ЦIАНО ЕЗАР

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

Пайхамар волчу (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьа стаг веана, хьирчина, ченах юьзна маж а, коьртара месаш а йолуш. Пайхамара омра дина цуьнга, месаш къепе ялае аьлла. Цо аьлларг дина, юхавеана и стаг. Пайхамара аьлла тIаккха: «Хаза дерг хIара дац, шух цхьаъ корта (месаш) гIаьттина вогIучул, ша шайтIа долуш санна?». ТIехь боьха бедарш йолуш стаг гина Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Цо аьлла тIаккха: «Шен бедар йитта хIума ца карош ву-те хIара?». Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) низам дезаш, цIано езаш хилла. Хаза куц-кеп дезаш хилла, хаза хьожа езаш хилла. Низам дацар а, хатI цахилар а, мода а, вон хьожа а ца езна цунна.

Ислам-дино вай кхойкху дегI а, дог а цIена хиларе, бедарш а, хIусамаш а, некъаш а цIена латторе. Иза дуьхьал ду боьха хиларна, гIаланашкахь а, ярташкахь а нехаш урамашка кхийсарна.

Тахана вай кхайкхош йолу цIано Ислам-дино дейтта бIе шо хьалха дуьйна схьа кхайкхош ю.

### МУХЬАММАД

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

### ВОЛЧУ ДУЬХХЬАРА ЖАБРАИЛ-МАЛИК ДАР

Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хIусамненан цIа чохь Iаш вара. Хадижатана махлелош гIо дарца, шена ваха рицкъа доккхуш а вара. Шен деда Iабдул-МуттIалиб веллачул т1аьхьаша кхаьбна волчу девешина – Абу-ТIалибна гIо дан лууш а вара иза. Абу-ТIалиб къен стаг вара, бераш дуккха а дара цуьнан. Цуьнан уггаре а жимах волу кIант Iали (Турпал-Iела) ша волчу кхаба дIавуьгу Мухьаммада, девешина хьалха ша декхарийлахь хеташ, ша кхабарна цунна баркалла олуш. Хадижатана а, Мухьаммадана а, шинне а дукхавийзира Iали. Шайн кIант санна лелош вара цаьршимма иза. Сих-сиха КаIбат долчу воьдура Мухьаммад, ойланаш йора цо, ИбрахIим Пайхамара (IалайхIис-салам) дина хIара цIа, цхьаъ волчу Далла Iибадат дан меттиг ма ю, цхьана а тайпана нахана дан гIо а доцуш, дан зен а, бала пайда а боцуш долчу суьртех юьзна ма ю. Цхьа а хIума гуш, хезаш ма дац и суьрташ. Маккарчу наха тIулгех, дечигах дан а дина, уьш шайн деланаш бу бохуш, царна Iибадат деш, царна хьалха, гIурба до бохуш, даьхни дойуш леларх лаьцна ойланаш йора Мухьаммада. ЧIогIа дагахьбаллам а, лазам а бара цунна цара лелош йолчу харцонна, церан галбовларна. Шена гонаха хьаьжча, цунна гуш берш телхина нах бара. Къаьркъа муьйлуш бара. Хьалдолуш болу нах мискачарна тIехь таIзар латтош бара, буоберийн а, бисина Iаш болчу зударийн а даьхни дууш бара. ГIо оьшуш болчу нахана юхалург ахча а лора цара, тIера йоккха ял (проценташ) йоккхуш. Къиза нах бара. Йоккха хилча, тIе эхь доуьйтур ду олий, шайн йоI юьйра цара, яа хIума цатоарна кхоьруш, тухий, шайн кIант а вуьйра.

Паччахьаша нахах шайн лайш бинера, къам, жа санна, лоллий дIаса а дуьгура шайна луъуче. Адамийн бала болуш, царна хIун оьшу хьожуш цхьа а вацара. Цаваьллачу денна царах къаьстина, генаваьлла Iаш вара Мухьаммад. КаIбате зерате воьдура иза, тIаккха шен цIа воьдура. ИбрахIим Пайхамаран динехь а волуш, цхьаъ волчу АллахIана Iибадат деш вара иза. АллахIе доьхуш вара иза шен къам бакъдолчунна тIехь нисдар. Кест-кеста Маккина гергахь болчу ломара Хьираъ олучу хьеха воьдура иза, цигахь цхьа хан йоккхий, цIа вогIура. Хадижата цунна тIаьхьа юург-мерг йохьуьйтура. Наггахь Хадижат Мухьаммадца (IалайхIис-солату вас-саллама) хьехахь Iара. Дала цунна кечдинчу гIуллакххехь гIо-накъостала деш, малх а, бутт а, латта а, стигланаш а, дерриге а Iалам а низамехь кхоьллина Волчух ойланаш еш.

АллахIан Iадатехь дара боданал тIаьхьа даима нур гучудаккхар. Ша кхоьллина адам телхича, АллахIа Элча воуьйтуш хилла, нахах къинхетам беш Ша волу дела. Нахана оьшура Пайхамар, дуьнен чуьра харцо дIаяккха а, мискачу нахана тIехь латтош долу зулам дIадаккха а, Iалам тодан а, бакъо, нийсо толо а, суьрташна гIуллакхдар дIатасийтина, цхьаъ волчу АллахIана Iамал яре кхайкхам бан а.

*Бетиев М.*

ТIАРИКЪАТ

## ТIАРИКЪАТ ДОВЗИЙТАР

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

*(Юьхь 2021 шеран 2-чу номерехь)*

### ХЬАЛХА ДIАБАХАНЧУ IЕЛАМНАХА ТАСАВВУФАХ ЛАЬЦНА АЬЛЛАРГ

Шаьш хьега ма-деззара къахьоьгуш, шайн Iалашонаш, нийяташ даггара долуш, шайн динехь нийса Iилма даржорехь сутара болуш, динехь доцуш, керла юкъадаьхначу хIуманашна, туьйранашна, тиларна, нийсачу новкъара бовларна гена болуш, Къуръанах, суннатах тасабелла болуш бакъболчу Iеламнехан Iилманан кIорге кхаьчначунна, церан дахарна, Iамалшна, ойланашна тIаьхьаваьзначунна уьш цхьана Iалашонна тIехь карабо, церан некъаш тайп-тайпана делахь а. Цунна цаьргахь башхаллаш ца го, бакъду, цара вовшийн хьокъехь аьллачу дешнашкахь нийсо, бакъонна тIехь сацар го. Амма цаьргара Iилма схьаэцнарш, къаьсттина, хан-зама дIаяларца, Iилма Iаморца царна генабевлларш, цара беанчу некъан цхьадолчуьнгахь царна дуьхьало йинарш – цаьргахь кхачамбацарш, барт эгIар, нийсачу невкъана генабовлар, бекъабалар, башхбашха кхетамаш хилар карадо, тасаввуфан коьртачу Iалашонах дIахаьдда я цунна бIостнехьа долу, и бахьанехь лаьтта тIехь бохамаш алсамбовлу.

ХIара къамел дерзош ала лаьа, баккъал, хьалха дIабаханчу Iеламнахах цхьанггара а вайна хезна дац тасаввуф охIланан хьокъехь реза боцу дешнаш, церан новкъара дIаваьлла я царах къаьстина волчун хьокъехь бен, ткъа и саннарш тасаввуфан охIлано бакъ ца бо. Цунах терра, вайна ца хезна тасаввуфан охIлано хьалха дIабаханчу Iеламнехан хьокъехь реза боцуш къамелаш дар, уьш шайн тIарикъатана мел гена хиллехь а.

Хьалха дIабахана болу Iеламнах Къуръано, суннато бохург дуьйцуш хиларх терра, тасаввуфан охIла хилла Къуръанна, суннатна тIетевжаш, тIаккха царна юккъехь башхалла я къийсамаш муха хир бара?!

ХIара къамел чIагIдо сийдолчу Маккарчу шайха Iабдул-Хьафи́за шен «Хьалха дIабаханчу имамаша тасаввуфах лаьцна аьлларг» цIе йолчу жайнахь яздинчо: «Баккъал, хьалха дIабаханчу имамашна, царна хьехначарна гергахь тасаввуфан охIла бусалба нехан тоба ю, хьадисан, фикъхIан, тавхьи́дан, динан историн Iилма девзачу Iеламнехан, АллахIан новкъахь къахьоьгуш болчеран тобанаш санна. Царна юккъехь – нисвелларг, галваьлларг, диканиг, вуониг, баккъал лелаш верг, тералелашверг ву. Бакъду, царах цхьаьннан цIе йоккхучу хенахь, цунах лууш верг диканиг, нисвелларг, бакъверг ву. Масала, хьадисаш дийцинарш вай хьахийча, массарна гергахь царах лууш берш хьадисаш дийцина болу дика Iеламнах бу, бусалба умматана Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш ларда, уьш гулдеш къахьегна, уьш вайга схьакхачийна, АллахI реза волчу новкъахь уьш даржийна болу: Буха́ри, Муслим, Тирмизи, ибн Хьажар аль-Iаскъала́ний, ас-Сую́тIий, аль-КандахIлавийа санна болу имамаш (Дела реза хуьлда царна), уьш боцурш а.

Хьадисаш дийцинарш хьахийча, шаьш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш дийцинчу сийдолчу Iеламнахах ду бохуш аьшпаш буттуш, цунна тIехь шайгара харцо кхуллуш берш дага ца богIу цхьанна а. Иштта болчеран харцо, цара беш болу бохамаш массо заманахь билгалбина нийсо еш, хIума девзаш болчу имамаша, массарна хууш ма-хиллара.

Иштта хьал ду бусалба нехан тобанах болчу фикъхI, тавхьид, АллахIан новкъахь къахьоьгуш, динан истори евзаш болчу Iеламнахехь дерг, цунах терра дуста деза тасаввуфан хьал а.

Суфий аьлла цIе йоккхучу хенахь, цхьа а шеко йоцуш, цунах лууш берш: Iия́дан кIант Фудайл, МаIру́фуль-Кархи, Абу́ Сулайман ад-Да́ра́ни, Бишр аль-Хьа́фи, Iабдул-Къо́дир Гила́ни́, Джунайд аль-БагIда́ди, уьш саннарш а бу (Дала къинхетам бойла царах),цара схьабеанчу нийсачу новкъахь болуш, Сийлахьчу Къуръанна, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатана тIаьхьабозуш, АллахIан леш АллахIана тIебоьдучу новкъа нисбеш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан доьзал, асхьабаш безаш болу. ХIара ду-кх, умматан Iеламнах, АллахIан новкъахь шаьш къахьоьгуш хилла болчу хIокху нехан бакъ дош, нийса низам, хьекъале ойла, кхоччуш йолу нийсо а. ТабиIийнаш дIабевллачул тIаьхьа адамашна алссам пайда бина цхьа а Iеламстаг я АллахIан новкъахь къахьоьгуш верг, я АллахIах кхоьруш верг карор вац хьуна, и вай дийцина сийдолу куьцаш шегахь долуш бен».

02→

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ТІАРИКЪАТ

# ТІАРИКЪАТ ДОВЗИЙТАР

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

←01

Воккха Іеламстаг волу Ибнуль-Къаййим (Дала къинхетам бойла цунах) баккхийчу суфех хилла, имам, хьафиз волчу ибн Ражаб аль-Хьанбалас (Дала къинхетам бойла цунах) цуьнан дахарх лаьцна дуьйцуш, шен жайнахь ма-аллара: «АллахІана тІебоьду некъ, тасаввуф охІланан къамел, церан весеташ, кІорге а евзаш Іеламстаг вара иза, оцу хІора Іилманна тІехь дукха къахьегна вара иза».

Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) яздинчу «Мадáрижус-Сáликийн» цІе йолчу жайнин шолгІачу декъехь, 307-чу агІон тІехь, тасаввуф довзийтаран хьокъехь цо аьлла дош деана: «Дин дерриге – гІиллакх ду, гІиллакххехь хьол соввааьлларг – динехь хьол совваьлла, тасаввуф иштта ду хьуна». Каттáни бохучу Іеламстага аьлла: «Тасаввуф – иза гІиллакх ду, ткъа гІиллакххехь хьол совваьлларг – баккъал, тасаввуфехь хьол совваьлла».

Оцу жайнин кхоалгІачу декъехь,128-чу агІон тІехь деана: «Имам ШафиІис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Суфийн охІланах накъостий бара сан, ас цара аьллачу шина хІуманах пайдаэцна. Цара аьлла: «Хан – тур ду; ахь иза ца хадаяхь, цо хьо хадор ву». «Ахь хьайн дегІ бакъдолчуьнца дІалаьцна ца хилийтахь, цо хьо доьхна долчуьнца дІалоцур ву».

Ас олу: «Ма говза аьлла ши дош ду и шиъ, ма боккха пайда, чулацам бу цаьршингахь, шаьшшиъ аьлларг лаккхара ойла йолуш, ира кхетам болуш хиларна ма чІогІа тІенисвеш ду и шиъ. Цара аьллачу дешнийн мах хадош хІара тоба ШафиІис (Дела реза хуьлда цунна) хастор кхачаме ду вайна».

Имам, хьафиз волчу аз-ЗахІабийс (Дала къинхетам бойла цунах) хьадисаш дийцинчу Іеламнахах лаьцна ша дуьйцуш дуккха а суфийш хьахабо: «Вай хьахор ду «Тазкиратул-Хьуффáз» бохучу жайнин кхоалгІачу декъехь, 852-чу агІон тІехь,Ибнуль-АІрáбех лаьцна деанарг, иза дуккха а жайнаш яздина Басрера суфи, имам, хьафиз, дуьне дІатесна, (ХьаьжцІийнан) хьараман шайх волу Абу СаІи́д Ахьмад бин Мухьаммад бин Зия́д бин Бишр бин ДирхІам ву, иза тешаме, доьналла долуш, АллахІ вевзаш, лаккхара дарж долуш, чІогІа сий долуш, гІараваьлла Іеламстаг вара». Иштта, цо 961-чу агІонтІехь ГІундар хьахаво, ткъа иза –суфи, хьадисаш гулдеш верг хилла. Джунайд, цуьнан могІарехь болу Іеламнах гина цунна, Мисарахь ваьхна иза, хьадисаш а яздина цо. Цул тІаьхьа 1070-чу агІон тІехь аль-Мáли́ни хьахаво цо, иза суфи, хьафиз, дуьне дІатесна Іеламстаг хилла. Цуьнан цІе Абу СаІд Ахьмад бин Мухьаммад бин Ахьмад бин ІабдуллахІ бин Хьафс аль-Ансари аль-ХІарави аль-Мáли́ни ю. Иза иштта ТІáвус аль-Фукъараъ бохучу цІарца вевзаш ву. Цо даккхийчу жайнех дуккха а хІума гулдина, Іама а дина, иза тешаме, ша дийриг лерина деш, дуккха а хьадисаш дийцинчу баккхийчу суфех вара.

Оцу жайнин1092-чу агІон тІехь Абу НуІайм хьахаво цо, иза суфи, воккха хьафиз, шен заманан хьадис Іилманан хьалхе йолуш Іеламстаг волу Ахьмад бин ІабдуллахІ бин Ахьмад бин Исхьакъ бин Муса бин МахІран аль-МахІрáни аль-АсбахІáни ву. Оцу жайнин 4-чу декъан чаккхенгахь, иза «Тазкиратул-Хьуффáз» бохучу жайнин тІаьххьара дакъа ду,– цо далийна: «Со тІелийлира шайх, имам, хьадисаш дийцина, бусалба нахана пайда бина волчу Абу аль-Хьасан Іалий бин МасІуд бин Нафи́с аль-Му́сили цІе йолчу Іеламстагана, ас цуьнгара дуккха а пайдаийцира, иза – дин хаза долуш, къинойх ларлуш волуш дика суфи вара».

Іилма лоьхуш болчарна пайда бина, хьадисаш дийцина, шен болх лерина беш, Іарбийн меттан говзанча, суфи вара имам аль-Армави, цул тІаьхьа аль-Къарáфи – Абу Бакран кІант Софиййуддин Махьмуд. Ас цуьнгара дуккха а пайда ийцира.

Иштта, имам, хьадисаш дийцина, ша саннарг кхин воцу, дин девзаш, Исламан дозалла, динан дог, суфийн шайх аьлла шех цІе йоккхуш волчу ИбрахІим бин Мухьаммад бин аль-Муаййад бин ХьамавайхІи аль-Хурасани аль-Джувайнегара дуккха а пайда ийцира ас.

Баккъал а, суна зеэделла, имам, хьафиз волчу аз-ЗахІабин (Дала къинхетам бойла цунах) санна кхиболчу Іеламнехан а дуккха а суфийн шайхаш хилар, бакъду, цо ша цаьргара пайда ийцира аьлла цхьа а хьахийна вац, иза дин хаза долуш, къинойх ларлуш, дика суфи вара аьлла цуьнан куц хІоттош а бен».

Иштта Хьанбалан мазхІабехь волчу хьафиз ибн Ражаба, Хьанбалан мазхІабехь болу Іеламнах буьйцучу шен жайнахь, царах дукхах берш тасаввуфан охІланах бара олий хьахабо. Баккъал а, оцу жайнин шолгІачу декъехь, 329-чу агІон тІехь, Абу Исхьáкъ ИбрахІим бин Іали бин Ахьмад бин Фадл аль-ВáситІи ас-Сóлихьи хьахаво цо, иза фикъхІан Іилма девзаш, дуьне дІатесна, дукха Іибадат деш, Исламан шайх, Шеман беркат, цу заманан тхьамда, АллахІах кхоьруш Іеламстаг вара аьлла. Иштта оцу жайнин 353-чу агІон тІехь Мухьаммад бин ІабдуллахІ бин Іумар бин Аби аль-Къасим аль-БагІдади хьахаво цо, иза хьадисаш дуьйцуш суфи вара, аьлла. Цунах терра ду Абу ЯІлас Ахьмад бин Хьанбалан мутаІеламаш хьахабар, царах цхьаберш тасаввуфан охІланах бу аьлла хастийна цо. Имам, хьафиз, къеда волчу Абу ЯІлан кІанта Абу аль-Хьусайна Хьанбалан мазхІабан Іеламнах буьйцучу жайнин хьалхарчу декъехь, 36-чу агІон тІехь суфи волу Абу ІабдуллахІ Ахьмад бин аль-Хьасан бин ІабдулДжаббар бин Рáшид хьахаво, Іали бин ДжаІд, Абу Наср ат-Таммáр, Яхья бин МаІин, уьш санна болчу Іеламнахана хьалха охьахийшина, Ахьмад бин Хьанбалегара дуккха а хІуманаш дийцина волу.

Хьадис, фикъхІ девзачу Іеламнехан жайнашкара вай схьадалийначу масалшца вайна билгалдолу, суфи бохучу дашах лууш дерг –иза, шех суфи аьлла цІеяьккхинарг,АллахІах кхерарехь лаккхарчу дарже кхаьчнарг хилар. Имам ЗахІабис (Дала къинхетам бойла цунах), Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш нийса дийцарехь шайн хьукманаш уммато къобалдеш,и санна болчу баккхийчу имамаша бусалба динан низамехь хьадис, фикъхІа дуьйцучу зІена юкъабало хьакъ боцурш юкъабалийна хилар тарлуш ма дац, цхьаболчу наха шайна цахуург дуьйцуш ма-хиллара, шаьш олуш: «Вай церан суфи аьлла цІе хІунда йоккху, Веза-Сийлахьчу АллахІа бохуш хилча: «Цо (АллахІа) шун цІе яьккхина бусалбанаш аьлла хьалха а, хІокху (Къуръана) чохь а». Вай бийцина баккхий имамаш хІокху аятан маьІнех ца кхеташ, цуьнца Іамал ца еш, оцу аятан ойла ца еш хилла те?! Баккъал а, царна хууш, билггал девзаш а хилла, суфи боху дош сийлахьчу аятана дуьхьал догІуш цахилар, имам ШатІибис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Аль-ИІтисам» цІе йолчу жайнахь суфи аьлла цІе тилларан бахьана, и гучудала доладалар а, иза бусалба динан берриге а баххаш (Іибадат дар, АллахІан новкъахь гІазот дар, бакъ дош дІакхайкхор) шайна тІеэцна болчу нехан куц хилар лакхахь билгалдина ма-хиллара. Шаьш салафий (фундаменталисташ) бу бохучу наха шайн коьрта бух лоруш волчу Ибн Таймияс (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Фатáвá» цІе йолчу жайнахь суфийх лаьцна дина къамел, уьш Къуръанах, суннатах тасабелла нах бу аьлла, хьалха дешна вай. Цо оцу жайнахь къаьсттина дакъа дина, цу чохь царах, церан салафийх, царал тІаьхьа хиллачарах, царал хьалха хиллачарах, церан шайхийн дукхаллех, церан цхьадолчу дешнех, Іамалх лаьцна дуьйцуш; цо церан куц хІоттийна, уьш шайн заманахь уггаре а бакълуьйш нах бара, аьлла.Цуьнан мутаІелам волчу Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) жайна яздина, тасаввуфан охІлано коьрта бух лоруш долу, цуьнан цІе «Мадарижус-Саликийн» ю. Оцу чохь цо уьш (тасаввуфан охІла) шена чухула дехьабовла безачу башха-башха долчу даржех, хьелех, меттигех лаьцна дийцина.

Вай иштта хьалха дешна, шаьш салафий бу бохучу наха шайн имам лоруш, цуьнан «Аль-иІтисáм» цІе йолу жайна шайна хеташ долчу цхьадолчун коьрта бух лоруш волчу имам ШáтІибис (Дала къинхетам бойла цунах) хІокху шен жайнахь Исламан тасаввуфах лаьцна мехала дакъош вовшахтоьхна хилар, иза керла юкъадаьккхина хІума доцуш, динан коьрта дакъа ду аьлла чІагІдина хилар. Цо тасаввуфан меттиг билгалйина хьекъало, дегнаша тІеоьцучу кепара, ша олуш: «Баккъал а, кхетам боцчу дуккха а нахана суфийн хьокъехь,цара олуш дерг, еш йолу Іамал бахьанехь, уьш шарІо билгалдина доцчунна тІаьхьабазарехь, хІума тІелацарехь шарІо тІедиллина доцург могуьйтуш бу моьтту. Оцу кхетам боцчу нахана хетачух, цара дуьйцучух цІена бу уьш, хІунда аьлча цара шайн некъ дІаболош угаре а хьалха юьхьарлаьцнарг Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатна тІаьхьабазар, цунна дуьхьал долчунна генабовлар ду».

Иштта, фикъхІ Іилманан баккхийчу Іеламнахах волуш, дукхах болчу Іеламнехан цхьабарт хиларца Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннат лардина волуш, динехь керла юкъадаьхначу, тІекхоьллинчу хІуманашна дуьхьал къийсам латторца гІараваьллачу имам ас-Субкис (Дала къинхетам бойла цунах) суфийх лаьцна дуьйцу шен «аль-ІахІдуль васийкъу» бохучу жайнахь, уьш йоккхачу декъалалле, шаьш боцурш ца кхаьчначу лаккхарчу даржашка кхаьчнарш бу, бохуш.

ТІаьххьара, хІокху юхатохалур доцчу делилашка, фикъхІ, усул, тафсир, хьадис санна долчу тайп-тайпанчу Іилманашкахь Іилма лоьхуш берш шайн дешнашна тІе ца тевжича йиш йоцуш, шайн тоьшалла къобалдеш болчу баккхийчу Іеламнехан дешнашка ладоьгІча, тасаввуф, цуьнан охІла Къуръанах, суннатах тасабелла болчу суннатан, жамІатан охІланах хиларх хьекъал долуш верг шеквуьйлуш хир вуй те?! Иза шеквуьйлуш хир ма вац, цунна а, нийса долчу Іилманан таллам барна а юккъе дегІан лаам, бІарзвелла тешаш хилар (фанатизм) доьлла хилча а бен.

АллахІах кхоьрийла нийсонна тІекхиа гІерташ мел волу Іеламстаг, Іилма лоьхуш верг, хІокху тасаввуф охІланан коьрта Іалашо йовзархьама цунна там болуш ма ду тайп-тайпанчу жайнашкара вай схьадалийначу Іеламнехан дешнашка ладугІуш хилар, таллам барца шена бакъдерг девзинчул тІаьхьа бен царна тІехь хьукма дан сихо ца яр. Бусалба стаг даима хьекъале дерг лохуш ву, шена карийначу меттехь и схьаэца декхар ву иза.Царна тІе я ша бахьанехь дуккха а къийсамаш болчу церан цІарна а кхийсарш ян оьшуш дац, Іилманан кхетам лучохь дешнийн хьокъехь болу къовсам тидаме оьцуш бац, – тиллина цІе я цхьаьнца хоттаелла цІе хуьлийла иза. Шайх волчу Ибн Таймияс (Дала къинхетам бойла цунах) ма-аллара, вайна оьшуш дерг – иза хІуманан бух, маьІна, оцу къоман дегатешамаш, ойланаш йовзар ду.

*(ТІаьхье хир ю)…*

***ХІоттийнарг – доктор Мухьаммад Хойр ФатІимахІ***

***Гочдархо – Магамедов Сулиман***

КХЕТОШ-КХИОР

# ГІИЛЛАКХ ДОЦЧУЬНГАХЬ ГІУЛЛАКХ ХИР ДАЦ!

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

Хастам бу Далла, Іаламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош Волчу. АллахІера салам-маршалла хуьлда Дала Іаламех къинхетам беш, хаза гІиллакхаш кхочушдан ваийтинчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна.

**Лераме бусалба нах!**

Исламан коьрта Іалашо ю бусалба нах шайна юкъахь барт болуш, шайн дахар ирсе долуш, маьрша бехаш хилийтар. Амма церан дахар ирсе хир дац, цара вовшашца йолу юкъаметтиг гІиллакхца ларъеш ца хилахь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ийман кхочушхиллачех**



**бу хаза гІиллакхаш дерш»** (Ахьмад).

Адамийн дуьненан дахар ирсе дина ца Іаш, церан эхартахь долу дарж ойбуш ду хаза гІиллакх. Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къематдийнахь бусалба стеган терзанна тІехь хазачу гІиллакхал деза хІума хир ма дац. АллахІана ца веза оьзда доцу къамелаш а деш, оьзда воцург».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ялсамане вохуьйтур волу хІума дийцахь аьлла, шега дехча, жоп делла-кх: **«Делах кхераро, хаза гІиллакхаш хиларо вохуьйту стаг ялсамане»** (Тирмизи).

Дала кхоьллинчу Іаламах шен гІиллакх уггар хаза а, деза а долуш верг ву вайн Элча Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Къуръана чохь иза хастош, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъал а, сийлахь-деза ду хьан гІиллакхаш»** («Аль-Къалам», .

Цхьа а шеко йоцуш, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дахар бусалба нахана къеггина масал ду Делаца а, нахаца а гІиллакх лелорехь пайдаэца хьакъ долуш.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Делан Элчанца дика масал дара шуна – Делах а, къематдийнах а кхоьручарна, Дела дукха хьехочарна»** («Аль-Ахьзаб», 21).

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, со ваийтина сийдолу гІиллакхаш кхочушдан».

Бусалба стеган гІиллакх хаза хилар, иза оьзда хилар гучудоккхуш дуккха а белхаш бу, царах коьрта берш хьахор бу вай:

**1. Дена-нанна муьтІахь хилар.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьан Дала омра дина, Ша воцчунна Іибадат ма дойлаш, деца-ненаца дика а хилалаш, аьлла. Хьуна гергахь цаьршиннах цхьаъ я шиъ а къаналле кхачахь, ахь цаьршинга ма алалахь «уффай!», чеха а ма делахь и шиъ, ахь ала цаьршинга хаза дош»** («Аль-Исраъ», 23-24).

Вайн дайша чІогІа лардеш хилла деца а, ненаца а долу гІиллакх, цаьршиннан бакъ цІе а ца йоккхуш, кІеда-мерза бистхуьлуш хилла уьш. Шайн балхехь цаьршиннах дагабовлуш хилла уьш, цаьршингара пурба доцуш арабовлуш ца хилла уьш.

**2. Воккхачун лерам бар, жимачух къинхетам бар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Вайх ма вац баккхийчеран сий ца динарг, кегийчаьрца къинхетаме ца хилларг».

Воккхачун сийдар бохучо юкъалоцу – цул хьалха цуьнга хьал-де хаттар, цуьнан некъ ца хадабар, и чувеача хьалагІаттар, цунна охьахаа меттиг ялар, и вистхуьлучу хенахь ладогІар, оьшучохь цунна гІо дар.

**3. Хьаша-да тІеэцар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Делах а, къематдийнах а кхоьруш волчо хьешан лерам бойла»** (Бухари, Муслим).

Вайн дайша шаьш хІусам ечу хенахь, хьаша-да тІелаца чоь билгалъеш хилла, и ша волчу веача цуьнга паргІат буьйса яккхийтархьама. Цунна билла къаьсттина мотт а, баа кхача а латтош хилла цара.

**4. Сий-ларамечу нехан, церан тІаьхьенийн (къурайшийн тайпанан, эвлияийн) маслаІатца доьзначу дехарна жоп далар.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, бусалба нах вежарий бу, аш маслаІат де шайн шина вешина юккъехь» («Аль-Хьужурат», 10).

Нохчийн къоман хазачу гІиллакхех ду, дика нах а, церан тІаьхье а ларар, церан даше ладогІар. Церан беркат бахьана долуш хийла Іана тарлуш долу цІий ца Іенаш дисина, шех беркат ца долу дов-тІом маслаІатца дІабирзина. Эрна ца аьлла вайн хьекъалечу дайша: **«МаслаІатан мотт сецча, цІий Іаьнна».**

**5. Бусалба нехан гІуллакхе хьажар, церан хьашташ кхочушдар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Шен вешин хьашт кхочушдеш верг милла велахь а, Дела хуьлу цуьнан хьашт кхочушдеш»**. Муслим.

Вайн дайшкара схьадеана гІиллакх ду, ялта чудерзош я хІусам еш, я и санна накъосталла оьшучу меттехь белхи вовшахтохар.

**6. Юьртахь, лулахь тарлуш хилар.**

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Жабраил-малик соьга весет дечуьра саца ма ца сецира, суна лулахочо сох ирс оьцур ду моттаулц». Бухари, Муслим.

Вайн дайша олуш хилла: **«Генарчу вешел уллехь волу лулахо гІоли ву».**

Лулахь дика-вуон деача, нохчаша шайн кевнаш дІадоьллу, дехьа-сехьара баьхкинчу нахе шайн хІусамашкахь ламаз дойту, царна баа кхача а ло.

**7. Ша оьгІаз вахча, шен дегІан доладар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Нах охьабеттарх дац ницкъ болуш хилар, баккъал а, ницкъ болуш верг – ша оьгІазвахча а шен дегІан дола далуш верг ву».

Нохчийн халкъана чІогІа сийсаз, осала хеташ хилла, шел гІийлачунна ницкъ беш верг. Делан дуьхьа хІума гечдина, къинтІера волург доьналла долуш къонах ву, олуш хилла вайн дайша.

**8. Нахана юкъахь оьзда мотт лебар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, оьзда воцуш хилар, мотт оьзда боцуш хилар – бусалба динах дац. Баккъал а, бусалба динехь нисбелларш – гІиллакхаш хаза хилларш бу».

Вайн дайша олуш хилла: **«Іеламнах болчохь мотт сацабе, эвлаяаш болчохь дог сацаде».** Цара иштта олуш хилла: **«Герзо йина чов йирзина, матто йина чов йирзина яц».**

**9. Оьзда духар лелор, коьртахь хІума лелор.**

Пхийттара ваьллачул тІаьхьа коьртахь хІума йоцуш лелар эхь лоруш хилла вайнаха. КоьртаІуьйра лелаш волу стаг тоьшаллина магош ца хилла Іеламнаха.

**10. Зударийн лерам бар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Зударийн сий ца до сийдолчара бен, уьш сийсаза ца бо сийсаза болчара бен».**

Нохчийн халкъан Іадатехь, кІант йоІе вистхуьлучу хенахь, цаьршинна уллехь зуда ца хилча, эхь лоруш хилла.

**11. Куралла цаезар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ялсамани чу гІур вац, шен даг чохь мискъала зарратал куралла ерг».**

Кура стаг осала хеташ хилла вайн дайшна, иза дакъазавала хьаьхна ву, олуш а хилла цара.

**Лераме бусалба нах!**

Вайн дайша схьадеана, бусалба динца догІуш долу цІена гІиллакхаш дицдан мегар дац вай, уьш дендарехь ю вайн халкъан кхане. ГІиллакхан барамехь бен къонахалла ца хуьлу стагехь. Ткъа **«гІиллакх доцчуьнгахь гІуллакх ца хуьлу»,** – эрна ца баьхна вайн дайша. Дала гІиллакх-оьздангаллехь совдохийла вай!

***Магамедов Сулиман***

ЗАЩИТА ОТ ПОРЧИ И СГЛАЗА

# ЧТО ЗНАЧИТ ХАДИС «БОЛЬШИНСТВО ЛЮДЕЙ В МОЕЙ УММЕ БУДУТ УМИРАТЬ ОТ СГЛАЗА»?

В одном из хадисов Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказано: «Большинство людей в моей умме после предопределения Аллаха будут умирать от сглаза!» (Бухари).



Передается от Имама Ахмада, Малика, ан-Насаи и Ибн Хиббана, что Сахль ибн Ханиф вышел вместе с Пророком (да благословит его Аллах и приветствует) в путь в сторону Мекки. Когда они были в ущелье Харар в районе аль-Джахфа, Сахль ибн Ханиф совершил полное омовение. Он был статным мужчиной со светлой и красивой кожей.

Амир ибн Рабиа из бану Адий ибн Кааб увидел его, когда он купался, и сказал: «Я никогда прежде не видел такой красивой кожи подобно этой, даже у девственницы».

После этого Сахль слег как сраженный.

Люди пришли к Посланнику Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) и сказали: «О, Посланник Аллаха, можешь ли ты помочь чем-то Сахлю? Клянемся Аллахом, он головы поднять не может».

Он спросил: «Подозреваете ли вы кого-нибудь в связи с этим?».

Они сказали: «Амир ибн Рабиа смотрел на него». Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) позвал Амира и очень строго упрекнул его. Он сказал: «За что один из вас убивает своего брата? Если ты увидел нечто, понравившееся тебе, то почему не помолился о ниспослании благодати (баракат) ему?».

Затем он сказал ему: «Соверши омовение для него».

Амир помыл над тазом лицо, руки, локти, колени, стопы ног, часть тела под изаром (набедренной повязкой). После этого воду полили на Сахля. Один человек полил воду ему на голову и на спину. Как только он это сделал, Сахль встал и пошел вместе с людьми, не испытывая никаких трудностей».

Мусульманин должен защищать себя и свою семью от зла шайтана и людей, в том числе зла сглаза, и он может сделать это, не вызывая в людях чувство зависти по отношению к себе, не выставляя свои благословения напоказ, оберегая их и проявляя скромность.

Доверьтесь Аллаху Всевышнему, стремитесь к Его защите и совершайте дуа защиты, которым учил Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует): последние две суры Корана, суру «Ихлас», «Фатиха» и «Аятуль-Курси».

***М. Муслимов***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ОБЩЕСТВО

# СОЦИАЛЬНЫЕ ЦЕННОСТИ В ИСЛАМЕ

Ислам охватывает все стороны жизнедеятельности человека. Это не только поклонение, как его понимают большинство людей, не только пост и молитва. Ислам – это самый достойный образ жизни человека, он не мог обойти стороной такое важное явление, как социальная взаимопомощь.

Социальная взаимопомощь – это часть веры мусульманина, это требование религии, это нрав и этика, основанные на любви к ближнему и ответственности перед Всевышним. Это соблюдение прав человека, и не только материальных, но и моральных. Целью социальной взаимопомощи в Исламе является умиротворение и улучшение состояния всего общества и каждой личности. Священный Коран призывает верующих к милости, состраданию и взаимопомощи между людьми. Всевышний



говорит: «Они (сподвижники) спрашивают тебя (о, Пророк), что они должны расходовать. Скажи: «Любое добро, которое вы раздаете, должно достаться родителям, близким родственникам, сиротам, беднякам, путникам. Что бы вы ни сделали доброго, Аллах знает об этом» (Аль-Бакара: 215).

Вера в человека и его отношение к Богу проявляется и в повседневной жизни человека, в его отношении к людям и окружающему миру.

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) не считал веру того, кто ложится спать сытым, зная, что его сосед голоден, полной. Он сказал: «Не уверовал в меня тот, кто ложится спать сытым, зная о том, что рядом с ним находится голодный сосед» (Ат-Табарани).

Его вера считается не полной, потому что сердце такого человека чёрствое, не знает чувства сострадания. В нём нет благородства из-за преобладания в нём низменных побуждений.

В другом хадисе говорится: «О, Абу Зарр, когда ты варишь мясной бульон, добавляй больше воды, позаботься о своих соседях».

Также в благородном хадисе говорится: «Самые любимые люди для Аллаха – это самые полезные для людей, а самое любимое деяние перед Аллахом Всемогущим и Великим – это радость, которую ты приносишь мусульманину, помогая ему в беде, выплачивая за него долг или утоляя его голод…» (Ат-Табарани).

Далее из речи Всевышнего видно, что братское взаимоотношение является показателем искренности веры: «Поистине, верующие – братья…» (Аль-Худжурат:10).

В хадисе, переданном аль-Бухари и Муслимом, говорится, что любовь к ближнему указывает на совершенство веры человека: «Ни у кого из вас вера не будет совершенной, если всё, что он желает себе, не пожелает и брату по вере».

В другом хадисе говорится, что верующие являются опорой друг для друга.

«По отношению друг к другу верующие подобны строению, отдельные части которого поддерживают друг друга», после чего он переплел между собой пальцы своих рук» (аль-Бухари, Муслим).

Что говорить об отношении людей между собой, когда Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) предрёк ад женщине за жестокое обращение к кошке и предрёк рай тому, кто напоил собаку, изнурённую жаждой. Это, несмотря на то, что собака, согласно шариату, является нечистым животным, как же нечистым, как свинья.

Ислам – это религия милости и сострадания не только к верующим, не только к людям, но и ко всему живому.

Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) – Посланник Аллаха Милостивого и Милосердного ко всем людям: и верующим, и не верующим, и миссия его – милосердие, и блаженны будут те, кто примут послание: «Мы послали тебя, о, Пророк, только как милость для обитателей миров» (Аль-Анбия; 107).

Коран заложил основу отношений отдельной личности с обществом, определил для каждой из сторон права и обязанности для установления высших нравственных норм отношений с людьми, основанных на любви к ближнему и гармонии. Основой человеческих взаимоотношений в Исламе является взаимопомощь в благих делах и богобоязненности.

Всевышний говорит: «Помогайте друг другу, о, вы, кто верует, в благочестии, благодеяниях и соблюдении обрядов Аллаха, Его шариата и заветов. И не помогайте в злодеяниях, грехах, вражде и в неповиновении Аллаху!» (Трапеза: 2).

Коран велит делать добро по отношению ко всем членам общества: «Поклоняйтесь Аллаху (Господу, Единому и Единственному Творцу) [будьте искренни пред Ним, покорны Ему] и ничто не ставьте вровень с Ним. Относитесь благонравно к родителям [помогайте им, обеспечивайте их в меру их потребностей и ваших возможностей; будьте вежливы с ними в поведении и разговоре]. [Также вы должны относиться по-доброму к родственникам, сиротам, нищим, соседям, как к родным из их числа, так и к неродным [как к близким соседям, так и к отдаленным, независимо от их вероисповедания или уровня воспитанности]. К находящимся рядом спутникам [то есть ко всем тем, с кем мы время от времени сталкиваемся по учебе, по рабочим делам или чему-либо иному], путникам (гостям) и невольным, которые [находятся] под вашим управлением. Воистину, Господь не любит горделивых (надменных, кичащихся, важничающих) и ставящих себя выше других» (Женщины: 36).

Ислам не запрещает совершать благодеяния и по отношению к иноверцам и неверующим. Всевышний говорит: «Аллах не запрещает вам быть добрыми и справедливыми с теми, которые не сражались с вами из-за религии и не изгоняли вас из ваших жилищ. Воистину, Аллах любит беспристрастных» (Испытуемая: 8).

Шариат возложил ответственность за положение в обществе на каждого мусульманина: «Каждый из вас является пастырем, и каждый из вас несёт ответственность за свою паству. Правитель является пастырем (для своих подданных) и несёт ответственность за свою паству, мужчина является пастырем для своей семьи и несёт ответственность за свою паству, женщина является пастырем в доме своего мужа и несёт ответственность за свою паству…» (аль-Бухари, Муслим).



Следующий хадис является предупреждением для тех, кто, имея возможность, не заботится о братьях по вере: «Не постигнет истинной сущности Ислама тот, кого не заботят дела мусульман» (аль-Хаким, Ат-Табарани).

Помощь мусульманина по мере возможности должна охватить всех людей на земле, по меньшей мере, он должен иметь желание и намерение сделать это, ведь намерение, согласно высказываниям учёных, – это половина веры человека.

Начинать ему следует с себя, затем семья, затем общество, в котором он живёт. Затем другие различные общества.

**1. Забота о детях и их воспитание**

Ислам обязывает родителей заботиться о детях и воспитывать их.



В тексте Корана подробно изложены обязанности родителей перед детьми, которые они должны выполнять со времени появления их на свет. Всевышний Аллах говорит: «Матери кормят своих детей грудью два полных года, если они хотят довести кормление до конца. А тот, у кого родился ребенок, должен обеспечивать питание и одежду матери на разумных условиях. На человека не возлагается ничего сверх его возможностей» (Аль-Бакара: 233).

Материальное обеспечение детей должно длиться до тех пор, пока они сами не смогут обеспечить себя. Это касается вопросов питания и одежды, а также оплаты за обучение и воспитание. Материальное обеспечение должно быть одинаковым для мальчиков и девочек. Разница только в том, что мальчиков, если они способны работать, родители обязаны содержать до пятнадцати лет, а девочек – до их замужества. Также важно, чтобы родители содержали детей на законно добытые средства. Потому что плоть, взращенная на запретном, больше достойна адского огня. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) говорил: «Лучший динар, который расходует мужчина, – это тот динар, который он расходует на своих детей» (Муслим).

**2. Забота о старших, о родителях**

Ислам уделяет особое внимание заботе о старших. Это плата за то, что они пожертвовали многим ради счастья детей, подрастающего поколения. Ответственность за заботу о старших Ислам возложил на детей. Всевышний говорит: «Мы заповедали человеку хорошо относиться к родителям. Мать носит его [во чреве] в муках и рожает в муках, а от зачатия до отлучения от груди проходит тридцать месяцев» (Песчаные дюны: 15).

Заботиться о родителях детей обязывает и вера, и шариатское судопроизводство. Т.е., если дети будут небрежно относиться к предписаниям Ислама, то шариат принудит их к исполнению долга, даже если их родители не являются мусульманами.

Об этом свидетельствует следующий аят Священного Корана: «А если они (родители) будут принуждать тебя, чтобы ты приобщил ко Мне сотоварищей, о которых у тебя нет знаний, то не повинуйся им, но сопровождай их в этом мире по-доброму и следуй путем тех, кто обратился ко Мне. Потом вам предстоит вернуться ко Мне, и Я поведаю вам о том, что вы совершили» (Лукман: 15).

Забота о тех, кто не имеет своих детей, переходит под ответственность исламской общины, которая должна заботиться о них в обязательном порядке. Забота о старших не должна ограничиваться материальной помощью, она должна быть и психологической, и сочувственной. Об этом Всевышний говорит: «Господь повелел, чтобы вы никому не поклонялись кроме Него и



были добры к родителям [относились к ним лишь хорошо и по-доброму]. Если один из них или оба [родителя] достигнут преклонных лет, не смей говорить им [даже] «уф!» [проявляя эмоции, выказывая недовольство; пренебрегая их словами и советами], не повышай на них голос [не кричи, о сын или дочь своих родителей], а обратись к ним с добрым словом [будь щедр с ними на доброе слово, вежлив]» (Аль-Исра: 23,24).

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Кто не жалеет младших среди нас и не почитает старших, тот не имеет к нам отношения».

**3. Забота о детях и сиротах**

Выше мы упомянули о тех, у кого нет детей, сказали, что о них должна заботиться исламская община. Что касается детей, у которых нет родителей, т.е. сирот (да смилостивится над ними Аллах), то о них должны позаботиться их родственники, если, конечно, они есть и имеют на то средства и возможность. Если нет, то они будут на попечении общины.

Слово Аллаха (Свят Он и Велик) побуждает нас, верующих, проявлять милосердие к сиротам: «Что касается сироты, то ты не притесняй его (не обращайся с ним несправедливо из-за того, что он слаб)…» (Духа: 9).

Всевышний говорит: «Они спрашивают тебя, что они должны расходовать. Скажи: «Любое добро, которое вы раздаете, должно достаться родителям, близким родственникам, сиротам, беднякам, путникам. Что бы вы ни сделали доброго, Аллах знает об этом» (Аль-Бакара: 215).

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Кто возьмёт сироту на попечение, тот будет близок ко мне в раю вот так вот», – и указал на это указательным и средним пальцами».

**4. Забота о неимущих и бедных**

Неимущие и бедные в Священном Коране упоминаются первыми среди тех, кому необходимо оказать материальную помощь.

Всевышний говорит: «Пожертвования предназначены для неимущих и бедных, для тех, кто занимается их сбором и распределением, для тех, от кого ждут сердечного расположения к Исламу, для выкупа рабов, для должников (отягощённых долгом), для расходов на пути Аллаха и для путников. Таково предписание Аллаха. Воистину, Аллах – Знающий, Мудрый» (Покаяние: 60).

Чтобы определить отношение Ислама к социальной взаимопомощи, было бы достаточным упомянуть только один факт – это то, что выплата милостыни (заката) в пользу неимущих и бедных является одной из пяти обязательных основ нашей религии.

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Ислам зиждется на пяти столпах: свидетельстве о том, что нет бога, кроме Аллаха, и что Мухаммад – Посланник Аллаха; совершении намаза; выплате заката; соблюдении поста в месяц Рамадан; совершении хаджа к Священному дому Аллаха» (аль-Бухари, Муслим).

*С. Муртазаев*

## ХАТТАРШ А, ЖОЬПАШ А – ШАРИIАТЦА

**ЦIийндас чIогIа оьхазваханчу хьолехь а волуш, зудчуьнга йитина аьлча, и зуда йиталуш юй?**



Вовшашна къинтера а девлла, самукъа даьллачу меттехь юьтуш яц зуда. Оьхазваханчу меттехь бен зуда йитар хуьлуш а дац, оьхазвахана волуш и зуда йитича, и зуда йиталуш ю. Оьхазвахана вара, я вацара аьлла, оцу тайпана некъаш дац цу белхан. Цундела, оьхазвахча, меллаша букъ тохий, дIа а хьовзий, ша кхидIа хIун дийр дара-те аьлла, ойла ян еза стага, ламаз эца деза. Вайн дегIаца лелаш долчу шайтIанна оцу вайн цIийцIа лелар а делла Дала. Шийлачу хица ламаз а эцна, и стаг ойла ян ваьлча, цIий шелдо цо, цIий лелаш долу пхенаш шелдо цо, тIаккха ойла ян воьлча, ойла метта йогIур ю цуьнан, зуда юьтучул а цайитар гIолехь хетар ду цунна. Цундела и лаха деза, амма оьхазвахана волуш а, стага зуда йитарх, и йиталуш ю.

**ЦIийнда вала а велла, ши бер долуш ша йисича, цул тIаьхьа маре яхана зуда. И ши бер шайн долчаьргахь, шайн цIахь дитина цо. Цул тIаьхьа дукха а хан зама яьлла, и бераш даккхий ду, и шайн нана хьалха маре яханера бохуш, бераш нене дист а ца хуьлуш, цуьнан дола ца деш, шайх и нана хьоьгуьйтуш бу. Цуьнах лаций алахьа боху.**



Вахар хала ду, дерриг там-товр деш дац, доьзалш тергал бар доцуш, ас-со къовсий, цIийнада а, хIусамнана а вовшах долий меттиг хуьлу, тIаккха цхьаьна дахар ца хуьлуш, и шиъ къаьста. Зуда кхечанхьа маре йоьдуш хуьлу, стага зуда ялош нисло. Велла йуьсий, бераш кхаба гIерташ йоллу зуда, юха а шена зен хирдолчу некъах ларяран дуьхьа маре яхана меттиг хуьлу. Иштта оцу берашна эшамаш дуккха а хуьлу, и эшамаш царна хиллехь а, нана йолчуьра дIа ца йолу нана, доьзалш оцу ненан болчуьра дIа а ца бовлу. Нагахь санна оцу доьзалан даьхни а долуш, кхиа а кхиъна, и доьзалхо хилча, доьзалхо велча, цуьнан даьхни шарет дечу хенахь, кхечанхьа марехь елахь а, оцу нанна цуьнах ирс догIур долуш ду. Цо гойту, царна юккъера ненан гергарло дIадолуш цахилар. Уьш кхетаме а, хьекъал долуш а болчу нахах дагабовлахьара, ненаца ийгIина Iачул а. Дена-нанна суьдахо хилла Iен бакъо яц доьзалхочун, нана реза хуьлу агIо лаха еза доьзалхочо. Тоххара ма ца лехна цо со резавар аьлла хетар ду доьзалхочунна, цуьнан хьекъал тIекхуьур дац, хаза Iеламстагах дага а ваьлла, динехь муха ду-те шен лелар аьлла ойла йича, меттахIуттур вара доьзалхо. Тесна йита бакъо яц, тIеттIа даха а деза, гIиллакх хIотто а деза. Цкъа а дIаер йоцу марзо ю доьзалхочунна а, нанна а юкъахь ерг. Цундела хаза юкъаметтиг лаха еза. Церан сий ма дац дайинарг, шариIатехь шен бакъо йолуш некъ бу цо бинарг, и доьзалш а, нана а вовшийн ца хилча ца бовлу.

**ХIусамнана шен цIийнда чуваьлча, хьалагIатта езий?**

Доьзалехь марзо хиларе терра, марзо сов ер ю церан. ЦIийнда лийрича, шайн сий лахло моьтуш болу зударий хьекъална эшна бу. Вайн зударшна хаа дезара цIийнда лийрича бен, шайн сий лакхадер доций. Вайна дуккха а халкъийн шайн-шайн гIиллакхаш гина, бусулба нехан гIиллакхаш вайн гIиллакхашца ца догIуш дайна вайна. Бусулба дин Iаьрбашна шайна, нохчашна шайна, туркошна шайна доссийна дац. Моссо а махкахь Iаш болчу нехан гIиллакхашца , амалашца нисдан йиш а йолуш, Дала шегахь шорто йолуш даийтина ду бусулба дин. Дин дохош доцу вайн мехкан гIиллакхаш, амалш – уьш ерриге а динехь магийна ю, дин дохош деана доцу хIума – и дин ду. ХIунда? Оцу динехь ду вовшашийн лерам бар. ЦIийнаден лерам беш хIусамнана хьалагIоттуш хилча, цо шен беш болчу лераман хам а бийр бу оцу цIийнадас. Юкъаметтиг хазлур ю церан, Iер-дахар хаза хир ду церан. Иштта лерам хIусамнанас латтийча, доьзалан хир бу шайн деца лерам, ненан сий лакха дер ду доьзална хьалха. Шен цIийнадех эла веш и зуда елахь, оцу шен доьзалнан эла хилла дIахIуттур ю иза. Шен цIийнадех лай веш и зуда елахь, шен доьзало сий дойур ду цуьнан. Бусулба дино санна бакъонаш цхьана а дино ца елла. Болх бан декхар йоцуш, тIедуха хIума, яахIума – моссо а хIуманца Iуналла а, дола а цIийндас дан дезаш ю зуда. Оццул йоккха паргIато елла дIахIоттийна дино хIусумнана. ЦIийнден сий дийр дац ша сийлахь йолчу зудчо бен. Шен хIусумда сийсазвеш зуда елахь, цо шен доьзална вон масал гойту. Кхано баккхий хилча, оцу доьзало шайн да тергал ма ца во, оцу нанас виннарг ма ву хIинца царна хьалха верг. ЦIа латтош ерг, хIусумнана йолу дела, оцу хIусамненехь хьалха хила езаш ю оьздангалла, цуьнца шен хIусам серла йоккхур ю цо, беркат доуьйтур ду цо, ийманехь доьзал кхиор бу цо. Кхечу халкъан гIиллакхаш юккъе тийса гIерта ца деза, шен халкъан хазачу гIиллакхех пайдаэца беза.

*Хаттаршина жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас.*

КХЕТОШ-КХИОР

# МАРАЭККХАР А, КЪАМЕЛ ДЕШ ЛАРЪЯН ЙОГ1У ЮКЪ А

«Іаьнарх Іаь хьерчаш хабар дийцарх а,вовшах хьакхаваларх а ларлуш хилла вайн дай»,- бохуш дуьйцу Іилманчас Хасиев Сайд-Мохьмада. Воккха-Дада, мараэккхаран гІиллакхех а, къамел дечара вовшашна юкъара юкъ ларъярх а лаций дийцахьа тхуна»,-дийхира цуьнга хІара волчу баьхкинчу кигийрахоша.

куьг Іуьттуш къамел деш верг. Вайн гІиллакхашца догІуш дац иза. Адаман дегІ вайн оьздачу дайша сийлахь а, деза а лерина. Цундела цунах хьакхаваларх ларлуш хилла.

Къамел деш лаьттачарна юкъахь лаххара а цхьа- ши метр хила еза. Іа Іаьнарх хьерчаш къамел дар хилла дац вайн. Вуьшта,



– Къамел дечара вовшашна юкъара юкъ ларъяр дІадаьллачу новкъа ду. Вайна массарна а гина, хьо мел юхагІертарх, хьан меракІел гІерташ, кест-кестта хьуна муьшканаш еш, хийрачу нахана юкъахь къамел дечу хенахь хила езаш ерг пхеа метре кхаччалц юкъ ю бохуш хьехна вайна. Цара хьехнарг, лелийнарг лардан хьовса деза вай а, вайна тІаьхьа догІу чкъор а. Ишттий бен ларлуш ма дац халкъан гІиллакх, эхь-бехк.

Вайн дайша оьзда ца леринехь а, тахана чІогІа даьржина мараэккхар. Цхьа а кеп а, хатІ а ца лардеш, шайна ма луъу лелош ду мараэккхаран гІиллакх. Иза мегар дац. Салам далар, куьглацар бехке хеташ юкъадаьлла ду иза. Делахь-хІета, мараэккхаран кепаш йовза еза вайна, хІета а, вета а вайна юкъахь иза даьржина а, даьржаш а хилча. Масала, воккхачунна мараэккха веза цуьнан аьтту пхьарс хьайн белша тІехула а болуьйтуш, хьайн аьрру пхьарс цуьнан букъа тІехьа а бохуьйтуш. Воккхачунна букъах куьг детта а, хьекха а оьшуш дац. Кьонаниг мараэккхаш кІеззиг охьатаьІна хила веза, шен аьрру бесни воккхачун аьтту белшах а хьакхайолуьйтуш.

Накъостана, доттагІчунна салам даларца куьйге а воьдуш, накха некхах тухуш, мараэккхар ду вайн. Иштта мараэккхачу хенахь салам делларг шен аьрру бесне вукхуьнан аьрру беснех хьакхайолуьйтуш мараэккха веза.

Товш а дац, гІиллакхехь а дац ненахошна, къаьсттина стунцахошна маралелхар. Тахана къоначарна юкъахь иза къаьсттина даьржина хиларна боху вай. Цаьрга, де дика деш, маршалла хаьттича а кхачаме хир ду. ХІунда аьлча уьш бехке нах бу. Бехке ду церан догІмех хьакхавалар а.

Зударшна, мехкаршна мараэккхар а юкъадаьлла вайна, вайн гІиллакхаца, вайн вадца иза догІуш дацахь а, башха томехь дацахь а. Зуда, йоІ, иза мел гергара елахь а вайн халкъан гІиллакхашца марайоллар догІуш дац, оьзда дац. Хьайна аьрру пхьаьрсан шина пхьидан юкъ зудчун (йоьІан) белшах-пханарх хьакхайолуьйтуш, пхьарс голехь саттийна, зудчун(йоьІан) дегІах хьакхадаларх хьайн куьг лардеш (дегІах ца кхоьтуьйтуш) кхета веза мара. Иза товш хир ду.

Мараиккхина ваьлча, божарша а, зударшна а юха довлуш, юкъ ларъян еза, мара тІе мара а хІоттийна, къамел а ца деш. Мараиккхинчул тІаьхьа пхьарс дІа ца хоьцуш, латтар гІиллакхехь дац. ДІахІоттаран а ю вайн халкъалахь магийна а, магийна йоцу а кепаш.

Къонахчун латтар оьзда лерина, иза аьрру кога тІе вазвелла, аьтту ког паргІат буьтуш дІахІоьттинехь. Аьтту коган кІажа аьрру коган хьорканца нисбина, когийн буьхьигаш цхьа буй юкъабиллал дІатесна хила беза. Ши ког дІатесна латтар вайн гІиллакхан кеп яц.

ТІома кІел куьгаш дехкина дІахІоттар нохчийн божаршкахь товш доцучух лерина вайн дайша. Воккханиг, да, деваша, иштта дІа кхиберш болчохь хаьнтІе ши куьг хІоттийна дІахІоттар а гІиллакхе дац. Къонанаш цуьнах ларбала беза болх бечунна тІехІоьттича а, тезетахь а, алссам адамаш вовшах кхеттачу кхечу меттигашкахь а.

Вайн халкъан векалш муьлххачу а паччахьалкхехь, шахьарахь кхечу халкъех къаьсташ хуьлура шайн дІахІиттарца, мараэккхарца, вовшашца къамел дарехь ларъечу яккъашца, кхучуьнца. Вайх нохчий деш долу гІиллакхаш дара уьш, тахана а, кхана а хилла диса дезаш а ду. Цундела, цхьана-шина дашца аьлла дерзо йиш хиллехь а, шуна мелла а алсамо цуьнах дерг дийца лии суна,-дерзийра Воккхачу-Дадас шега деллачу хаттарна жоп луш дина къамел. Къоначарна цо дийцинчух дуккхах дерг дуьххьара хезаш дара. Шайн йоцачу оьмарехь царна тайп-тайпана гинера, хезнера мараэккхарх дерг, къамел деш ларъян езачу яккъех дерг. Хийцалуш йогІучу замано шен Іаткъамаш бо-кх вайн гІиллакхашна а. ХІун дер тІаккха иштта ду-кх дахар. Амма вайн йиш яц заманан керлачу хІуоне вайн халкъан гІиллакхашна, дайн Іадаташна иэшам байта. Иштта маьІна даьккхира къоначара Воккха-Дадас диначу къамеле ладоьгІначул тІаьхьа цо дийцинчун.

*Дадаев Сайд-Хьасан*

ДИНАН БАЙТАШ

### ДОІА

Дуьненчохь деха тхо,
ахь дахар делла,
Ахь тхуна кхуллушехь
рицкъанаш делла.
Деллачух тоам беш, хастам беш лела,
Комаьрша тхан паччахь,
Я Аллахь Дела!

Ахь бен тхох къинхетам
бийр боций хаьа,
Хьо вицван дезачохь даха а ца лаьа.
Дуьненчохь тхан дахар цахиларх шера,
Ийман чохь кхалха тхо лууш ду, Дела!

Бусалба кхолларна хастам бо Хьуна,
Цул деза совгІат дац дуьненчохь тхуна.
Эхартахь юьхькІайн тхо ахь гІиттадехьа,
Тхан Іамалш къобал яй,
къинхетам бехьа.

Хьо воцург деха я дала вац цхьа а,
Хьайх тешнарг жоп доцуш
ца витна цхьа а.
ДоІийна жоп луш а Хьо волу дела,
Доьху Хьоь, къиношна гечдехьа, Дела!

*Даудов Гилани*

***

Зама йоьду Орга санна чехка.
Кхуьур вуй-те
кхин цхьа ламаз дехка?
Цу тІехь ойланаш тІегульян Іама,
Кхуьур вуй-те кхачаяле зама?

***

Къиношна гечдаре сатуьйсуш
Хир ю вайн кхане,
Мийзанан терзанахь
Іамалш узучу меттехь.
Гур ю-кха вай кхоьруш
Хилла и маьхшаран аре,
Дуьненчохь диначух
жоп доьхуш,
Кхойкхур ду вай девне.

*Хизриев Адам*

### ІОЖАЛЛА

Іожалла ваша вац, цхьа а хержац цо.
Ткъес хилла кхочу и ца ешшехь терго,
Гергарчех, безачех хьегадеш вай,
ЦІеххьана дІахеда дахаран тай.

Йолийначохь бІов юсу,
биллаза цІурко.
И юьсу дай кхелхий, замано херцо.
Хьолада ца вуьту,
хиларх токх гай,
Дешех цо кхелинехь уьйтІара бай.

Хилазза лаппагІ го тхов биъна дарцо,
Дай белла, есалло хьарчийна марчо.
Мисканиг а ца вуьту,
лайннашехь къахь,
Текхорах мел веха къизаллин мохь.

Цуьнца барт ца бало кховдийча дешний,
Сутар яц бахамна,
схьаэцац даьхний.
Цуьнца ду шен даржехь нийсонан терза,
Массеран а дезар ду цуьнан куьпа дерза.

*Инуркаев Сулейман*

ПРОФИПАКТИКА ДТП

## ВОЖДЕНИЕ В НЕТРЕЗВОМ СОСТОЯНИИ – СТРАШНЫЙ ГРЕХ

На дорогах особенно опасен водитель, выпивший спиртное. Употребив запрещенный Всевышним алкоголь, водитель транспорта причиняет зло не только себе, но и другим. Ведь речь Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) не может быть ошибочной. Ибн Аббас (да будет доволен им Аллах) передал, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) учил: «Сторонитесь опьяняющих напитков, поистине, это ключ ко всему грешному» (Ибн Мажах).

Во-первых, само употребление алкоголя – это уже грех. Ибн Умар (да будет доволен ими Аллах) передал, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) говорил: «Аллах проклял алкоголь и того, кто его пьет, и того, кто его наливает, и того, кто продает его, и того, кто покупает, и того, кто его делает, и того, кому его делают, и того, кто его носит, и того, кому его приносят» (Абу Дауд).

Во-вторых, употребление спиртного грешно и потому что, если он в пьяном виде выйдет на дорогу, то совершит аварию, и из-за этого пострадают невинные люди. Законом в шариате служит сказанное Посланником Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует): «Недопустимо причинять вред ни себе, ни другим» (Ибн Мажах).

Знайте же, да смилостивится над вами Аллах, Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Распутник не будет распутничать, будучи верующим; вор не будет красть, будучи верующим; алкоголик не будет употреблять спиртное, будучи верующим» (Бухари, Муслим).

*Лорс Борзаев*

# САЛАМ ДАЛАРХ А, ЦУЬНАН ДОЗАЛЛЕХ А

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

Хастам бу Далла, Іаламаш кхоьллина, кхобуш волчу. Делера салам-маршалла хуьлда ша маьрша дин даржош веанчу вайн Элчанна Мухьаммадана а, цуьнан доьзална а, асхьабашна а, къематде даллац царна нийсонца тІаьхьабаьзначарна.

ХІай лераме бусалба ваша!

Салам далар бусалба динехь деза дуьйцу. Вайна хаза масал долчу вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен къамел дІадолош шена дукхабезаш болчу асхьабашка салам даларца долош хилла. Вайн Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш (Дела реза хуьлда царна) чІогІа сутара хилла шаьш салам луш (къаьсттина, воккхачуьнга иза луш) хьалхе яккхарехь. Иза хилла церан Делера йоле сатийсар а, воккхачуьнга и хьалха даларца цуьнан лерам алсам бар а.

Бусалба стага шен веше салам далар – цунна диканца, Делера цунна маршалла а, къинхетам бар а доьхуш, доІа дар ду. Вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салам даржадар вовшийн дезаран бахьана лерина, хІунда аьлча стаг шена дукхавезаш хилча бен цунна диканца доІа ца до. Ткъа вовшийн дезар а, дашар а – Дала тІедиллина долу вайна тІехь декхар ду.

Салам даларан дозалла

Салам даларан дозалла дуьйцуш дуккха а аяташ а, хьадисаш а ду, царах цхьадерш хьахор ду вай.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Шайга салам кховдийча цул хазачуьнца салам ло аш я и юхадерзаде» («Ан-Нисаъ», 86).

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Шаьш хІусамаш чу довлуш салам ло вовшашка, Делан гергарчу лерамца а, цІена хиллачу маршаллица а» («Ан-Нур», 61).

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шу ялсамане чу гІур ма дац аш ийман диллалц, шу ийман диллина хир ма дац шу вовшийн деззалц. Ас шу цхьана хІуманна тІе нисдай, аш иза кхочушдича шу вовшашна дезар долуш? Шайна юккъехь салам далар даржаде» (Муслим).

Іамран кІанта ІабдуллахІа дийцира (Дела реза хуьлда цунна), цхьана стага Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира аьлла: «Исламехь муьлха Іамал ю дика?» Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ахь яахІума ялар (сагІа даккхар) ду; хьайна вевзачуьнга, вевзаш воцчуьнга ахь салам далар ду» (Бухари, Муслим).

Салам даларан куц

Салам даларан кхо куц ду:

1) ассаламу Іалайкум (Делера маршо хуьлда шуна);

2) ассаламу Іалайкум ва рохьматуллóхІи (Делера маршо, къинхетам хуьлда шуна);

3) ассаламу Іалайкум ва рохьматуллóхІи ва барокатухІу (Делера маршо а, Цуьнан къинхетам а, беркат а хуьлда шуна).

Оцу вай дийцинчу кхаа куьцах салам даларехь алсам дерг деза ду, хІунда аьлча шен вешин доІанехь алсамвалар цуьнца долу дела. Иза билгалдина вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь.

Абу Давуда а, Тирмизис а далийна Хьусойнан кІентан Іимранан хІара хьадис (Дела реза хуьлда цунна), цо элира, аьлла: «Цхьа стаг веара Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу. Цо элира: «Ассаламу Іалайкум». Шегара салам схьаэцча, иза охьахиира. ТІаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Итт (10)». Юха кхин стаг тІевеара, цо элира: «Ассаламу Іалайкум ва рохьматуллóхІи». Шегара салам схьаэцча, иза охьахиира. ТІаккха Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ткъа (20)». Юха кхин цхьа стаг а тІевеара. Цо элира: «Ассаламу Іалайкум ва рохьматуллóхІи ва барокатухІу». Шегара салам схьаэцча, иза охьахиира. ТІаккха Элчано (Делера салам- маршалла хуьлда цунна) элира: «Ткъе итт (30)».

Шен хьадисехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) билгалбаьккхинарг – салам даларан дозаллин барам бара.

Салам даларан гІиллакхаш

Салам даларехь, схьаэцарехь лелаш гІиллакхаш ду. Довзуьйтур ду вай царах цхьадерш.

1. Цхьана хІуманна тІехиъна вогІуш волчо гІаш вогІучуьнга лур ду салам.

2. ГІаш вогІучо хиъна Іаш волчуьнга лур ду.

3. КІеззиг болчара дуккха а болчаьрга лур ду.

4. Жимачо воккхачуьнга лур ду.

5. Ша гуламера хьалагІаьттина дІавоьдучо бухахь буьссучаьрга лур ду.

Оцу гІиллакхийн дозалла а, нийса хилар а Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисашкахь билгалдина.

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцира, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьана хІуманна тІехиъна вогІучо салам лур ду гІаш вогІучуьнга, гІаш вогІучо – хиъна волчуьнга, кІеззиг болчара – дуккха а болчаьрга». Бухарис дийцинчу риваятехь ду, «жимачо воккхачуьнга», аьлла.

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шух цхьаъ гуламна тІе вахча, цо салам лойла; шух цхьанна дІаваха лиъча, цо салам лойла. Хьалхара салам далар шолгІачул тІех хьакъ дац» (Абу Давуд, Тирмизи).

Вовшахкхетча куьг даларан а, юьхь елакъажоран а, новкъа вогІучунна мараэккхаран а дозалла

Барраа дийцина (Дела реза хуьлда цунна), Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ши бусалба стаг куьг даларца салам а луш вовшахкхетар вац, и шиъ дІасакъастале хьалха цаьршинна гечдеш а бен» (Абу Давуд).

Абу Зарра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шега элира, аьлла: «Дикачу балхах хІумма кІезиг ма хетийла хьуна, хьайн вешина велакъажарца хьуо дуьхьалкхетар а» (Муслим).

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцира (маь1на): «Хьарисатан къант Зайд Мадинате кхечира, Делан Элча (Делера



салам-маршалла хуьлда цунна) сан хІусамехь волуш. Иза неІ а тухуш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу веара. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), (хазахетар совдаьлла, т1ейоха ца ларош) шен оба текхош цунна дуьхьал вахана, иза маравоьллира, цунна барт белира» (Тирмизи).

Дала маьрша дахар а, вовшийн дезар а, дашар а лойла вайна.

*Алиев Ахьмад*

**Продолжается подписка на газету «Исламан зІаьнарш»!**
**Тридцать лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зІаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зІаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зІаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати Чеченской Республики

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров**
**Основатель газеты Масуд Заурбеков**
**Главный редактор Фарида Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00II0.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц по четвергам на русском и чеченском языках. Цена свободная. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 10.02.2021 г. 15:00. Подписано в печать: 10.02.2021 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161.

16+